

**BOUYON**  
**Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools**  
**Plan Estratejik 2022-2026**

**Deborah Lang Froggatt, Doktè (Ph.D)**  
**Direktè Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools**

**Konsiltan Gwoup Operasyonèl la**

Sharon Abraham, Direktè Ar Lang Anglè BPS  
 Farouqua Abuzeit, Manadjè Sèvis pou Jèn Bibliyotèk Piblik Boston  
 Hugh Ahearn, Konsiltan Mackin Corporation Sales  
 Karyn Green, Pwofesè Laten Boston Latin Academy  
 Jane Ichord, O’Bryant School of Math and Science  
 Morgan Keohane, P.A. Pwofesè Bibliyotèk Shaw Elementary  
 Christine Landry, Sirentandan Asistan Biwo Aprantisaj Akademik ak Pwofesyonèl  
 Bonnie McBride, Pwofesè Bibliyotèk Fenway High School  
 Maura O’Toole, Konsiltan Bibliyotèk ak ansyen Parapwofesyonèl Bibliyotèk Mather School  
 Erica Pastor, Pwofesè Bibliyotèk Orchard Gardens  
 Gavin Smith, Direktè Asistan Fenway High School  
 Pam Yosca, Direktè Pwogram Wondermore  
 Kenneth Walk, Direktè Kontwòl ak Reyalizasyon Plan Estratejik BPS

**Tablo Kontni yo**

Rezime Egzekitif .....	2
Valè Boston Public Schools .....	4
Deklarasyon vizyon Boston Public Schools .....	4
Deklarasyon Vizyon Sèvis Bibliyotèk BPS .....	4
Deklarasyon Misyon Boston Public Schools .....	5
Deklarasyon Misyon Sèvis Bibliyotèk BPS .....	5
Tewori Aksyon Boston Public Schools .....	5
Tewori Aksyon Sèvis Bibliyotèk BPS.....	6
Istwa Aksè Elèv ak Pèsonèl Bibliyotèk BPS yo.....	6
Plan Naratif Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS.....	7
Angajman Prensipal/ Objektif Fondamantal .....	13
Liv ki Site yo.....	39

## **Rezime Egzekitif**

“Chak bibliyotèk nan Massachusetts se yon sant kominotè k'ap fleri, transfòmè lavi plizyè moun nan jwenn aksè ak konesans, enfòmasyon, ak aprantisaj alontèm.” Sa se Deklarasyon Vizyon Plan Estratejik 2021-2025 Bòd Manb Komisyon Bibliyotèk Massachusetts la (MBLC, 2020). Premye prensip debaz nan plan MBLC pale de “Ekite ak divèsite: Nou mete priyorite sou travay ak resous nou nan sèvis yon mond ki plis ekkitab kote yo valorize ak eksplote divèsite, nan tout fòm li, pou byen tout moun (MBLC, 2020). Twazyèm plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk 2022-26 (LSSP22) Boston Public Schools la entegre prensip sa yo nan Plan Estratejik 2020-25 Boston Public Schools la, k ap konbat pou “aksè ekkitab a edikasyon de gran kalite pou tout elèv nan chak salklas ” (BPS, 2020, p. 6).

Lè MBLC a resevwa ak apwouve yon plan estratejik bibliyotèk lekòl oswa plan estratejik depatman bibliyotèk nan distri lekòl yo, aprèsa entistasyon k ap gouvène yo ak bibliyotèk ki nan enstitisyon sa yo gide atravè yon fèy de wout pwogram e bibliyotèk yo kalifye pou yon presye finansman sibvansyon an fonksyon de Règleman sou Sèvis Bibliyotèk ak Teknoloji yo. Yon fason pou yon plan estratejik bibliyotèk yon lekòl ka rete konfòm, yo dwe soumèt yon plan dakasyon chak ane. Yo dwe soumèt ni nouvo plan estratejik yo ak plan dakasyon yo dis 1 Oktòb ak 1 Novanm respetivman.

Epitou, LSSP22 a respekte depre règleman Ministè Edikasyon Segondè ak Primè (Department of Elementary and Secondary Education -DESE) ak règleman Asosyasyon Bibliyotèk Lekòl Massachusetts (Massachusetts School Library Association -MSLA) Ribrik Evalyasyon ak Pèfòmans (BPS, ND). Estanda ribrik yo dekri twa domèn konsatrasyon reyalizasyon LSSP22 yo: ansèyman ak aprantisaj, Jesyon pwogram ak konsèvasyon resous. Sa ki entegre nan domèn konsantrasyon yo se pratik pedagogik espesifik pou bibliyotèk eskolè ak soutni kilti ak lang (Hammond, 2015): Aksè ekkitab pou tout elèv nan espas bibliyotèk ki akeyan; koleksyon bibliyotèk enpòtan; opòtinite pou yon lidèchip kolaboratif; fasilite ak kwasans aprantisaj pwofesyonèl; epi fè lyezon avèk fanmi yo, bibliyotèk piblik yo, patnè yo ak otorite ki eli yo. Pratik sa yo baze sou metrik ki nan komisyon *Etid Bibliyotè Lekòl Massachusetts (Massachusetts School Library Study) la*: Ekite ak Aksè pou Elèv ki nan Commonwealth ((Gordon, C.A.) & Cicchetti, R., 2018).

Angajman Prensipal ak Objektif Fondamantal LSSP22 yo kòmanse nan paj 13 la epi yo se fèy dewout plan an. Objektif yo rekonstitiye plan LSSP 17-21 an epi dekri yon pwogram Sèvis Bibliyotèk BPS distribitif ki baze nan lekòl yo e ki santralize ki kontinye ap evolye ansanm avèk Aprantisaj Pwofesyonèl BPS, Refòmalye Lekòl Segondè BPS yo, Aprantisaj Dijital, ak kolaborasyon entè/entra depatman Akademik. Anpil moun kwè ke bibliyotèk lekòl yo se kè lekòl la. Pwogram Sèvis Bibliyotèk BPS la vize pou l vin kè distri a, ofri sipò atravè depatman yo nan Commonwealth.

Elèv Boston yo pote yon eritaj kiltirèl ki rich lekòl. BPS Endike ke 29,3 % elèv yo se Nwa; 9,1 se Azyatik; 42,4 se Ispanik; 0,03 se Ameriken Natif Natal; 0,02 se Hawayen Natif Natal, Orijinè Lil Pasifik; 15, 3% se Blan; epi 3,4 % se Plizyè ras melanje, Kipa Ispanik. Premye lang 48% pousan elèv yo se lòt lang ki pa anglè, 29,2 % ap Aprann Lang Anglè, 21, 5% elèv yo genyen andikap, 78% se elèv ki gen gran bezwen ak 63% defavorize ekonomikman. (MDESE, 2021).

Depi 2016, lè komite lekòl yo (school committee) te apwouve LSSP17-21 an, BPS ap fè wout pou pèsònèl yo, pou yo ka reflete elèv y ap sèvi yo: 2459,5 se Afriken Ameriken; 439,2 se Azyatik; 1121,6 se Ispanik; 4498,3 se Blan; 17 se Ameriken Natif Natal; 9 se Hawayen Natif Natal-Orijinè Lil Pasifik ak 18,5 se Plizyè-Ras Ki pa Ispanik (MDESE, 2021). Jan plan endike l anba a, Sèvis Bibliyotèk BPS la (BPS Library Services) ap fè patenarya avèk Kominote Akselere BPS la (BPS Accelerated Community) a pwogram Pwofesè yo pou divèsifye ekip bibliyotèk la. Aktyèlman, staf ki fè pati ekip bibliyotèk la genyen 1 Azyatik, 11 Afriken Ameriken, 4 Ispanik ak 33 Blan.

Priyorite primòdyal Komite Lekòl yo (School Committee) se pou lekòl yo ofri pwogram, ansèyman ki rigoure, efikas e angajan. Pwogram Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools la ( The Boston Public Schools Library Services program) gen angajman pou l sèvi anviwon 48.000 elèv nan 123 lekòl avèk ranje klas sa yo: 7 lekòl pou moun ki fenk ap aprann; 41 lekòl primè (K-5 oswa K-6); 32 lekòl primè/ak lekòl dezyèm sik (K-8); 6 lekòl dezyèm sik (6-8); 4 lekòl dezyèm sik/lekòl segondè (6-12); yon lekòl tèminal K-12; 18 lekòl segondè (7-12) oswa 9-12); 3 lekòl sant egzamen (7-12); 6 lekòl edikasyon espesyal ak 5 lekòl ak pwogram lòt (risk). Nan lekòl sa yo, 20 se pilot schools, kreye pou reprezante modèl inovasyon edikatif avèk plis fleksibilite ak otonomi, 6 se Horace Mann charter schools ke BPS finanse, 5 se Innovation Schools, yon modèl ke refòm lejislatif nan Edikasyon Massachusetts kreye dapre pilot schools BPS yo ak 6 se Dual Language ke refòm lejislatif nan Edikasyon Massachusetts kreye dapre pilot schools BPS. (BPS, 2021). Sou 123 lekòl Boston Public Schools (FY21) yo, 49 ofri yon bibliyotèk ki genyen anplwaye atan plen oswa atan pasyèl. Genyen kat moun k ap fè benevola k ap dirije bibliyotèk la. Nan 49 lekòl ki gen anplwaye pou bliyotèk sa yo, 2 nan Sant pou timoun piti (early childhood centers); 19 nan lekòl primè (K-5 oswa K-6); genyen 11 nan lekòl primè/dezyèm sik (k-8) 2 nan lekòl dezyèm sik (preschool) (6-8); 1 nan lekòl dezyèm sik/lekòl segondè (6-12) 1 nan yon lekòl ki gen klas 2-12; 10 nan lekòl segondè (7-12 oswa 9-12); 3 nan lekòl sant egzamen (7-12); yo planifye 1 pou yon nouvo lekòl edikasyon espesyal (SY 22/23) ak 1 nan pwogram ak lekòl a lòt (risk).

Prepare paske plan sa a kòmanse an Oktòb 2020, premyeman avèk ekip bibliyotèk ki nan lis anwo a. Yo te konseye Direktè Sèvis Bibliyotèk BPS la sou prezantasyon li nan konsèy minisipal la nan Novanm 2020 an. Apresa, yo te patisipe nan fasilite de reyinyon pou Ekip Bibliyotèk la pou reflechi sou yon vizyon plan estratejik premyeman itilize Zouti Ekite BPS la

(BPS Equity Tool) epi apresa reflechi sou Objektif Fondamantal ak Angajman Prensipal Plan Estratejik 2020-25 BPS la. Konsiltan yo te kòmanse bay konsèy sou devlopman plan an 6 fwa nan reyinyon ki te fèt nan Janvye 2021 an. Komite Konsiltan LSSP22 a te revize Zouti Ekite BPS la nan Jwen 2021 an ki konstitye sa a [BPSLSSP22-26 Equity Tool Planning Report](#).

Nan fen mwa Jwen 2021 an, Direktè Sèvis Bibliyotèk la te jwenn opòtinite pou l aplike pou Fon Soutyen Ijans pou lekòl Segondè ak Primè (Elementary and Secondary Emergency Relief Funds -ESSER). Yo te soumèt yon aplikasyon pou Rekiperasyon ak Retou pou ranplase liv ki pèdi ak liv dèlè yo fini ak yon montan pa elèv pou chak bibliyotèk lekòl pou yo depanse nan nouvo liv ak nouvo resous. Yon Refòmalizasyon Aplikasyon pou renouvle oswa etabli nouvo bibliyotèk nan lekòl yo, premyeman konsantrè sou Transfòmasyon Lekòl yo epi apre sa analize espas ak resous ki nesèsè.

## **Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools 2022-26**

### **Valè Boston Public Schools**

JI (“JUICE”): JWA, INITE ENKLIZYON, KOLABORASYON AK EKITE

### **Deklarasyon Vizyon Boston Public Schools**

Yon lekòl piblik premye plan e ki santre sou elèv, bay bonjan edikasyon ekkitab, ekselan e byen ankadre k ap prepare chak elèv pou l reyisi nan karyè inivèsite ak nan lavi.

### **Deklarasyon Vizyon Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools**

Pwogram bibliyotèk Boston Public Schools yo pral bay tout elèv BPS yo ak manm kominote lekòl yo aksè fizik ak entèlektyèl ak materyèl bibliyotèk yo, sèvis yo, ak espas k'ap nourri kwasans akademik, sosyal, pwofesyonèl, ak pèsònèl.

Pwogram bibliyotèk lekòl la ap yon pwogram divèsifye, anviwoman enklizif k ap bay moun k ap itilize bibliyotèk yo abilite pou yo vin tounen bonjan lektè, aprenan endepandan, pansè kritik, moun ki kreyatif kapab rezoud pwoblèm, e vin tounen sitwayen enfòmè gras ak ekspètiz yo de bibliyotèkè ki kalifye ke parapwofesyonèl yo ede ak bay yo abilite pou itilizasyon resous ak sèvis yo. Bibliyotèk la ap yon espas ki sekirize, konfòtab pou elèv yo, pèsònèl yo, fanmi ak moun ki nan kominote a pou yo pratike dwa libète pou aprann (entèlektyèl) ke yo genyen e vin mèt pwòp aprantisaj yo. Yo pral rekonèt bibliyotèk la kòm kè lekòl kominotè yo epi y ap rekonèt li kòm yon kote ki ankouraje aprantisaj alontèm ak devlopman sitwayen ki responsab e enfòmè.

## **Deklarasyon Misyon Boston Public Schools**

Chak elèv nan chak salklas nan chak lekòl jwenn sa yo bezwen.

### **Deklarasyon Misyon Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools**

Bibliyotèk nan BPS bay ni resous ni epas pou devlopman sitwayen alavni ki avize, ki gen enspirasyon pou lekti, panse inovan, bonjan konpetans rechèch ak relasyon travay kolaboratif pou lavi. Espas bibliyotèk la pou kont pa l sekirize li akeyan e ankouraje lanmou pou lekti, li ankouraje fratènite, ak echanj lide. Koleksyon yo genyen materyèl ekri ak sa ki pa ekri ki ajou epi reprezante aryè plan istorik ak kiltirèl lekòl la an jeneral. Itilizatè yo jwenn aksè ak yon laj ranje tèks nan divès fòm ak nivo lekti ki reflekte divèsite rasyal, kiltirèl ak lengwistik ki reprezante nan moun ki nan lekòl la ak nan zòn ki pi laj nan Boston. Pwofesè bibliyotèk ki kalifye, ke parapwofesyonèl yo ede, pwofesè yo itilize yon orè ki fleksib e dinamik, ki bay aksè ekitab pou tout elèv yo, pou:

- Kolabore avèk pwofesè yo devlope ak fè eksperyans aprantisaj otantik ak rechèch pwojè nan swiv pwosesis rechèch la ki reponn ak objektif distri a, objektif pwogram yo ak bezwen devlopmantral akademik e pèsònèl tout elèv
- Devlope an-pwofondè, yon aprantisaj pèsònalize ki entegre konpetans pou Inivèsite, Karyè Pwofesyonèl ak Konpetans Preparasyon pou Lavi avèk kontni salklas la
- Anseye elèv yo pou yo vin pwodiktè ak konsomatè enfòmasyon ak zèv kreyatif responsab e etik
- Bay elèv yo opòtinite pou yo vin sitwayen entènasyonal atravè kolaborasyon, evalyasyon kritik ak komunikasyon enfòmasyon plizyè sous, entènèt la, done soutitraj, ak liv nan tout fòm
- Bay yo aksè ak teknoloji aktyèl yo ak pwogram aktyèl yo
- Devlope pwogram ki ale odela de etablisman lekòl la pou pote lide ak resous nan kominote l ap sèvi a
- Bay itilizatè yo kout men ak eksperyans ki kapab ede yo resoud pwoblèm, rafine lide yo, ak devlope konpetans yo tankou kolaborasyon ak pèsistan atravè itilizasyon epas kreyasyon
- Transfòme espas bibliyotèk yo pou pèmèt modèl chanjman nan apretisaj yo.

### **Tewori Aksyon Boston Public Schools**

Si nou bay tout elèv sa yo bezwen, pran konfyans fanmi yo ak genyen bonjan relasyon avèk yo, moun nan kominote yo, ak moun ki gen enterè yo atravè angajman otantik epi pataje lidèship, livre ekselan sèvis a elèv yo ak fanmi yo, epi bay edikatè yo ak pèsònèl yo devlopman pwofesyonèl ak atant ki klè... ANSWIT n ap vin yon distri k ap pèfòme nan nivo ki wo, premye distri nan nasyon an, ki konble tout lakin ak amelyore rezilta lavi chak elèv. (BPS, 2020, p. 17).

### **Tewori Aksyon Sèvis Bibliyotèk Boston Public Schools**

*Si* nou ofri tout elèv aksè ekitab ak bonjan pwogram bibliyotèk lekòl yo, pwofesè bibliyotèk ki kalifye, ase finansman pou soutni koleksyon yo nan tout fòm sou plan kiltirèl e lengwistik ak espas ki sekirize e akeyan pou bousdetid ak angajman otantik; epi *si* nou nou kolabore avèk edikatè yo ak pèsònèl yo pou nou angaje nou nan devlopman pwofesyonèl epi pataje lidèship ki nesèsè pou elèv yo jwenn aksè ekitab a bonjan pwogram bibliyotèk; epi *si* nou fè patenarya avèk fanmi yo ak manb kominote yo pou fè sèten ke elèv yo jwenn aksè ekitab ak bonjan pwogram bibliyotèk.....*Lè sa* a Boston Public School a tounen yon eleman anpòtan yon distri k ap pèfòme nan nivo ki wo, premye distri nan nasyon an, ki konble tout lakin ak amelyore rezilta lavi chak elèv

### Istwa Aksè Bibliyotèk ak Pèsònèl Bibliyotèk BPS yo

	Kantite Lekòl	Bliy otèk HS	Pèsò nèl HS	Bliy otèk MS	MS. Pèsò nèl	K-8s	K-8 Pèsònèl	Lekòl Primè	Pèsò nèl lekòl Primè
Ane Fiskal 1999 (FY 1999):	120	Tout lekòl genyen prezans yon bibliyotèk - pa genyen done endividyèl ki disponib							
ANE FISKAL 2009 (FY09)	135	26	23.6 Cert 10 Paras	47 Lekòl avèk 18 paras atanplen ak 21 paras atan pasyèl.					
ANE FISKAL 2012 (FY16)	126	20	21	2	2 para	10	4,5 Cert. 6 Paras	22	2 cert
ANE FISKAL 2021 (FY21)	125	16	15 Cert 4 Paras	2	1 cert 1 paras	11	6 1 Pwofesè k ap travay sou cert 10 Paras	20	5 Cert 15,5 paras

<b>ANE FISKA L 2022 (FY22) Pwojete</b>	<b>125</b>	<b>16</b>	<b>14</b> Cert <b>4</b> Para	<b>2</b>	<b>1</b> Cert <b>1</b> para	<b>11</b>	<b>6</b> <i>1 Pwofesè k ap travay sou cert 10 Paras</i>	<b>20</b>	<b>5 Cert</b>  <b>15,5</b> paras
--	------------	-----------	------------------------------------	----------	--------------------------------------	-----------	--	-----------	---

Padan senk dènye ane ki pase yo, akoz pat gen ase pèsònèl ak pwoblèm espas kantite bibliyotèk la te rete prèske menm jan. Sepandan, pandan tan sa a, Direktè Sèvis Bibliyotèk la te patisipe nan 27 kabinè ekspètiz swa pou renouvle oswa kreye yon bibliyotèk eskolè. Ak de gran chanjman ke Heart of America at Holmes ak Dever Elementary Schools. Pandemi an lakoz sa ki nan P.A a npe. Shaw Elementary. Fondasyon Boston (The Boston Foundation) te bay Henderson Upper School ak O’Bryant School of Math and Science sibvasyon pou Amelyorasyon Bibliyotèk nan ane 2017 la pou teknoloji ak mizajou kolesyon yo. Uit Pwofesè Bibliyotèk BPS ak Parapwofesyonèl jwenn sètifika yo e genyen twa nan moman sa a k ap travay pou sètifika sa a. Direktè a sèvi mentò pou nouvo wòl yo ak li sèvi kòmetan yon lyezon avèk enstitisyon ki bay sètifikasyon.

## **Plan Naratif Estratejik Sèvis Bibliyotèk BBP 2022-26**

### **Entwodiksyon**

Asosyasyon Bibliyotekè Eskolè Ameriken (American Association of School Librarians) ki te adopte aktyèl Estanda Bibliyotèk Nasyonal yo nan lane 2018. Estanda aktyèl yo elabore *Pouvwa Enfòmasyon (Information Power)* (AASL ak AECT, 1998), ki kreye enfòmasyon inisyal sou kesyon konpetans aprantisaj elèv pou inivèsite, karyè pwofesyonèl ak elèv ki prè pou lavi. Se yon baliz istorik pou pwofesyonèl bibliyotèk eskolè yo sou tout glòb la. Nouvo estanda AASL (2018a) yo anbrase 6 fondasyon teyorik avèk angajman kle yo: Ransenyè, Enkli, Òganize, Kolabore, Eksplòre e Angaje. Epitou, AASL, yon divizyon Asosyasyon Bibliyotèk Ameriken, devlope yon *pwogram bibliyotèk eskolè efikas* ki “genyen yon bibliyotekè kalifye k ap dirije l, AASL bay anviwonman aprantisaj pèsonalize, epi ofri aksè ekitab ak resous pou asire yon edikasyon konplè pou chak elèv.” (ALA, 2018).

*Massachusetts School Library Study: Equity and Access for Students in the Commonwealth* (Gordon, C.A. & Cicchetti, R., 2018) devlope pwogram bibliyotèk eskolè efikas pou mezire aksesiblite elèv yo, yo itilize metrik sa yo: Aksè ekitab pou pwofesè bibliyotèk yo; bibliyotèk eskolè; resous enfòmasyon dijital; a teknoloji enfòmasyon; finanse ak sibdivize resous yo; enstriksyon bibliyotèk. Yo te prezante sèvis bibliyotèk yo nan soukomite Biwo Lakin Komite Eskolè (School Committee’s Office of Opportunity Gaps) Rezilta BPS Jwenn konpare aksesiblite pwogram bibliyotèk ekolye BPS la avèk kontrepati leta yo Pa egzanp, etid la montre ke 80,4% lekòl genyen bibliyotekè eskolè ki lisansye konpare avèk Boston kote bibliyotèk lekòl yo genyen 17% pèsònèl kalifye.

Estanda AASL (2018a), deklarasyon pozisyon pwogram bibliyotèk eskolè efikas la (AASL, 2018b) ak metrik Etid Bibliyotèk Eskolè Massachusetts la (Gordon, C.A. & Cicchetti, R., 2018) bay yon fondasyon pou Sèvis Bibliyotèk Eskolè Boston Public Schools (BPSLS) Viszyon, Misyon, ak Teyori Aksyon ki site anlè yo ak objektif LSSP22 yo, dekri anba. Epitou, plan sa a konfòm avèk angajman kle ak objektif fondamantal ki dekri nan Plan Estratejik 2020-25 (BPS, 2020) Boston Public Schools la. Nan lide pou yo reyalize LSSP22 BPS la, sèvis BPSLS ak pèsònèl bibliyotèk pral kolabore nan inisyativ tout distri a an jeneral, tankou alfabetizasyon pou timoun piti, Ar (Arts), Aprantisaj Pwofesyonèl, Ekselans pou Tout (EFA), Masscore, Plasman Avanse (AP), pwogram Bakaloreya Entènasyonal (IB) ak pwogram Edikasyon Karyè Pwofesyonèl (CTE). LSSP21 an aksele aprantisaj pou tout elèv e responsab pou fè evestiman lajan nan rekiperasyon ak reimajinasyon aprantisaj sou plan kiltirèl (Hammond, 2015). Objektif tou de plan yo se pou ofri elèv yo "aksè ekita a edikasyon de gran kalite pou tout elèv nan chak sal klas" (BPS, 2020, p. 6).

Yon pwèn-depa pou plan an se Reimajine aplikasyon ESSER la. Transfòmasyon lekòl san bibliyotèk yo ak Bibliyotèk eskolè ki te fèmen yo pral objektif la, premye seri lekòl yo ap resevwa ESSER ak finans distri a dispoze pou pèsònèl yo, nouvo koleksyon, materyèl pou kòmanse nouvo bibliyotèk oswa renouvle bibliyotèk. Dezyèm seri bibliyotèk eskolè ki renouvle yo oswa nouvo bibliyotèk yo baze sou yon sondaj administratè lekòl yo te fè eke yo chwazi genyen swa bibliyotèk ki renouvle oswa nouvo bibliyotèk. Finalman, lekòl ki pa gen espas pou yon bibliyotèk pral swa ranfòse relasyon yo avèk BPL swa kòmanse yon nouvo relasyon. Direktè Sèvis Bibliyotèk la pral sipòte chak nivo klas ak/oswa domèn kontni, epitou li pral travay avèk lidè seri lekòl sa a ak biwo santral, pou detèmine kijan elèv ki nan lekòl ki pa gen bibliyotèk yo eksperimante aprantisaj la (pedagoji) ke lekòl ki ofri yon pwogram bibliyotèk eskolè efikas.

### **Pwofesè Bibliyotèk Lekòl yo, Parapwofesyonèl Bibliyotèk Lekòl yo ak Aprantisaj Pwofesyonèl ak Kolaborasyon Pwogram yo e Deskripsyon**

Pwofesè Bibliyotèk Lekòl BPS yo dirije, jere ak bay edikasyon nan tout lekòl la, nan domèn kontni yo, epi nan tout nivo klas yo. Parapwofesyonèl Bibliyotèk BPS yo jere akizisyon materyèl bibliyotèk yo, jere resous ak ede kominote lekòl la aksede ak bibliyotèk la. Yo ankouraje elè yo li; devlope yon kilti lekti nan lekòl lè yo konnen bezwen e reponn ak bezwen chak elèv. Resposablite Manb Ekip Bibliyotèk BPS sa yo respekte [Règleman Sèvis Bibliyotèk BPS ak Manyèl Pwosedè \(BPS Library Services Policies and Procedures Manual\)](#) (2017) la ak [Règleman Seleksyon Sèvis BPS \(BPS Services Selection Policy\)](#) (2018) la, ki konfòm avèk pratik jesyon pwogram bibliyotèk eskolè atravè distri a. Se manb ekip bibliyotèk BPS yo ki te devlope règleman sa yo kòm etan yon opòtinite aprantisaj pwofesyonèl

Pandan [Reyalizasyon Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk 2017-21 BPS la \(BPS 2017-21 Library Services Strategic Implementation Plan\)](#) te genyen fasilite eleman pwogramatik ki te devlope pou Ekip Bibliyotèk BPS yo. Avan tou yo te egzamine soutyen pratik kiltirèl ak lengwistik (CLSP) (Hammond, 2015) e soti ak inisyativ sa yo:



## Otomatizasyon

Nan 53 pwogram bibliyotèk eskolè yo, se sèlman youn ki otomatize. Genyen 25 bibliyotèk eskolè ki se manb [Metro Boston Library Network](#) (MBLN); majorite nan yo se lekòl segondè. Genyen 26 bibliyotèk eskolè ki itilize Libraryworld, ak yon sistèm bibliyotèk ki entegre cloud la. Majorite lekòl ki itilize konn gen tandans pi piti ak/oswa nan yon nivo lekòl primè. Mackin Educational Resources fè yon analiz koleksyon pou manb MBLN bibliyotèk yo. Libraryworld ofri fonksyonalite sa a pou manb ekip bibliyotèk yo. Ekip la analize koleksyon yo e elèv yo gen aksè ak yo. Plan LSSP22-16 la prevwa yon odi divèsite. Yo pral fè etid sou modèl pratik odi divèsite bibliyotèk lekòl yo ak reyalize yon pwotokòl analiz apwofondi sou koleksyon yo.

## Kolaborasyon Boston Public Library -BPL (Boston Public Library (BPL) Collaborations)

BPL ofri elèv BPS yo yon seri koleksyon ki laj ak resous robis nan yon bann kolaborasyon. Akoz elèv BPS yo ap rete Boston, BPL ede yo aksede platfòm Overdrive/Sora a, yon aplikasyon nan suit Clever resous aprantisaj elèv BPS. Akoz pandemi an, ekip bibliyotèk la anvizaje sipòte elèv ak pwofesè yo avèk nan itilizasyon aplikasyon sa a. Pwofesè Bibliyotèk O’Bryant la, Jane Ichord ak P.A. Pwofesè Shaw Elementary, Morgan Keohane, kreye yon fòmasyon kijan-pou w-fè videyo pou Pwofesè Summer Institute 2021 (TSI) ak yon fòmasyon asenkron (asynchronous) Elèv ki nan lekòl ki gen bibliyotèk yo avèk Pwofesè Bibliyotèk yo itilize Sora pou yo aksede a koleksyon Liv Commonwealth la. Platfòm Sora sipòte aksè elèv yo ak tèks A Lang Anglè tou. Aprè yon kantite ane dikisyon, prentan sa a BPS te pataje nimewo idantifikasyon elèv yo ak done sou dat gradyasyon yo yon fason pou ke tout elèv ka genyen yon nimewo kat bibliyotèk nan sistèm bibliyotèk entegre MBLN lan. Lè y ap itilize BPL yo nan nenpòt nivo, elèv BPS yo ap genyen Nimewo idantifikasyon.

Pandan sis ane, Manadjè Sèvis pou Jèn BPL la Farouqua Abuzeit ak direktè BPSLS la te kolabore ansanm sou pwogram Li Ansanm An Ete (Summer Reading Together) avèk livrezon liv, vizite otè, inisyativ Red Sox ak lòt opòtinite aprantisaj an ete. Sa ki pi enpòtan ankò, Pwofesè Bibliyotèk BPL ak BPS ak Manb Ekip la te kolabore ansanm pou asire yo ke liv y ap rezante yo ap dire sou plan kiltirèl. Pou pwogram 2021 an, BPS bay elèv yo pwòp kopi seleksyon lekti nan ete pou klas yo. BPL bay aksè a plizyè nan liv sou entènèt yo (eBook) atravè Sora. BPL ak BPS kolabore sou vizit otè yo, patisipe nan òganize somè aprantisaj la, e pwofite de resous Media Aprantisaj BPS la ak sipò stap pwofesyonèl yo.

Anpil fwa kòdinasyon vizit otè yo fèt atravè [Wondermore, Inc.](#), yon òganizasyon san bi likratif ki mennen otè ak ilistratè ki reflète kominote divèsifye Boston lan nan lekòl yo, yo souvan fè patenarya avèk Manb Ekip Bibliyotèk BPS yo. Dpei 2015, 40 lekòl BPS fè vizite otè 110 fwa. Lè yon otè oswa yon ilistratè prezante, swa an pèsòn oswa adistans, elèv yo resevwa yon kopi liv otè sa yo. Dènyeman, Kevin Noble Maillard te prezante devan elèv 2èm ak 3èm ane yo nan P.A. Shaw School. Manb Ekip Bibliyotèk BPS yo travay avèk etablisman lekòl yo yon fason pou detèmine nivo klas/domèn kontni ki enpòtan pou elèv yo. Tou dènyeman, Wondermore ak BPS te ezamine kijan vizit yo fè enpak sou reyalizasyon akademik elèv yo.

## Pwogram Aprantisaj Pwofesyonèl

Pandemi Covid 19 la fè yo itilize zouti kominikasyon ki ranfòse kolaborasyon Ekip Bibliyotèk la BPS ak sipòte youn lòt. Reyinyon sou zoom chak de semèn Ekip bibliyotèk BPS la pral kontinye ranfòse relasyon sa yo epi bay yo opòtinite pou yo aprann de youn lòt yon fason pou yo ka ranfòse pwogram bibliyotèk yo. Avan pandemi an reyinyon ekip bibliyotèl la te chak twa mwa maten ak aprè midi pou reponn ak nesosite dat ouvèti avan lè ak ouvèti anreta lekòl yo. Ansanm avèk mizajou bibliyotèk endividyèl ak bibliyotèk distri a, pandan ane 2016-2017 ekip bibliyotèk la te pataje plizyè pratik aprantisaj dijital. Nan ane 2017-18 la ekip la te konsantre sou sa ki Esansyèl pou BPS ak kijan yo tonbe daplon avèk pratik pwogram bibliyotèk yo. An 2018-19 ekip la te etidye *Culturally Responsive Teaching and the Brain Raretta Zaretta Hammond lan*. An 2019-20 nouvo estanda AASL 2018 la te louvri. Ane 2020-21 an te mete ansèyman aprantisaj dijital la yon fwa ankò nan yon nivo entans akoz aprantisaj adistans ak aprantisaj ibrid la. Ekip la te pataje pi bon paratik epi youn te toujou ap sipòte lòt.

Travay sou Plan Règleman sou Opòtinite pou Elèv BPS la (SOA) (BPSSP, p. 50), Ekip Bibliyotèk BPS la te devlope ak kontinye itilize pratik ki baze sou pwèy yon fason pou yo ka konble tout vid (BPS, 2020, p. 51). Avan 2019, yo te itilize ribrik pwofesè DESE a pou evalye Bibliyotèk yo. Atravè yon kolaborasyon avèk BPS Office of Human Capital, pandan kowòt ane lekòl 2018 bibliyotèk BPS yo ak lidè lekòl yo te fè itilizasyon DESE ak MSLA Ribrik Pwofesè Bibliyotèk Lekòl la (BPS,ND) pou evalyasyon pèfòmans yo. Ke Pwofesè Bibliyotèk BLS Deeth Ellis te ko-fasilite, pratik sa a entegre objektif aprantisaj elèv yo oswa objektif pwofesyonèl pou elèv k ap patisipe yo, ki konfòm ak objektif pedagogik chak lekòl Bibliyotèk yo chwazi yon entèvansyon espesifik, mezirab, pedagogik ki entegre kontni ak estanda AASL (2018) yo. Done aprantisaj yo montre kijan pedagogi bibliyotèk lekòl yo enpòdan epi pratik sa a bay evalyatè yo yon ribrik bibliyotèk eskolè solid. Kounye a yo antre ribrik la nan platfòm evalyasyon BPS la pou evalyasyon pèfòmans pwofesè bibliyotèk lekòl yo epi genyen evalyasyon estanda pou bibliyotèk lekòl yo nan agrandi platfòm evalyasyon edikasyon sou entènèt BPS la.

Parapwofesyonèl Bibliyotèk BPS yo patisipe nan kou Library Aide Basics ke Souther Utah University te devlope eke Institute of Museum and Library Services finanse nan ane (2021). Pwogram lan gratis li genyen espas pa l epi li bay yon konpreyansyon de konpetans debaz ak pratik ki nesese pou sèvis bibliyotèk yo. Konsiltan bibliyotèk lekòl yo Maura O'Toole, travay tou fasilite patisipan yo angaje yo nan diskisyon sou modil aprantisaj ki baze sou pi bon pratik, rechèch aktyèl ak estandan AASL (2018). Pwogram sa a ak aprantisaj pwofesyonèl konsènan sikilasyon lojisyèl sistèm lan ap kontinye sèvi pou ajoute nouvo parapwofesyonèl pou Bibliyotèk BPS.

Ekip bibliyotèk la kreye yon [BPS Library Services Information Literacy Scope and Sequence](#) (2017), ki similè ak estanda AASL (2018) la. Se yon seri konpetans pou inivèsite, karyè pwofesyonèl ak preparasyon pou lavi ki bay yon gid pou K-12 pou idantifye kisa elèv yo ta dwe konnen e anmezi pou yo fè nan chak klas. Konpetans sa yo konpatib avèk domèn kontni an e sèvi kòm yon gid pou manb ekip bibliyotèk yo ak pwofesè yo pou yo antre nan fèy dewout pwogram lekòl yo, ansanm avèk aktivite sou entènèt ak aprantisaj ak rechèch ki baze sou rechèch kolaboratif.

Modèl Guided Inquiry Design (GID)(Kuhlthau, Maniotes & Caspari, 2015) se yon modèl aprantisaj konstrikatif e endepandan ki pèmèt elèv yo devlope pwòp kesyon esansyèl yo. GID apwofondi pwojè aprantisaj la epi entegre estanda AASL (2018) la ladan. An prezan pwofesè yo ak manb ekip bibliyotèk la, elèv yo patisipe nan aprantisaj ki baze sou rechèch, ki planifye ansanm. Direktè BPSLS, Pwofesè Bibliyotèk BLS Deeth Ellis ak Doktè Leslie Maniotes, yon kolaboratè GID, te fasilite twa opòtinite aprantisaj pwofesyonèl GID pou yon koulwa akademik. Pwofesè bibliyotèk yo ak ekip pwofesè 15 lekòl te pran fòmasyon sou reyalizasyon modèl sa a. Ekip sa yo kontinye kolabore avèk fakilte yo yon fason pou yo agradi patisipasyon elèv yo nan GID ak ranfòse konpetans AASL pandan y ap chanje klas. Yon ekip nan manb ekip bibliyotèk la te devlope [GID Scope and Sequence](#) ki fè pati resous suit Aprantisaj Pwofesyonèl Akademik BPS. Kapasite GID la ak sekons li entèfere avèk [BPS School Library Essentials Practices](#) (2018), ki montre kijan pedagoji bibliyotèk lekòl yo fè enpak sou konpetans elèv yo pou inivèsite, karyè pwofesyonèl ak konpetans preparasyon pou lavi. Manb ekip bibliyotèk lekòl yo ap goumen pou yo antre pratik ansèyman, aprantisaj, ak eleman jesyon sa yo nan pwogram yo a.

Ekip bibliyotèk late etidye Makerspaces nan P.A. sa a. Pwofesè Bibliyotèk Shaw Elementary Morgan Keohane, ak Pwofesè Holmes Elementary Paula Pickett ak direktè a te kreye “Making Readers,” ki te prezante nan TSI ak de fwa nan MassCue. Pwofesè Bibliyotèk Winship Library Aaron Noll ak direktè a te travay ansanm pou fasilite atelye travay “Virtual Learning Commons (VLC)” pou pwofesè yo pou yo itilize modèl sa pou yo kreye paj entènèt pou bibliyotèk lekòl yo. Mesye Noll ak direktè a te fasilite yon seri ki gen twa pati sou VLC poi Revolizyon Aprantisaj, yon evenman edikatif global. Mesye Noll jere [BPS Virtual Learning Commons](#), ke anpil elèv, pwofesè ak fanmi te patisipe nan tout distri a. Morgan Keohane, Maura O’Toole ak direktè a te prezante “Window, Mirrors & Sliding Glass Doors” (Bishop, 1999) nan analize salklas ak kolezyon liv ki nan bibliyotèk nan konferans 2018 BPS Health & Wellness ak nan 2020 BPS TSI. Pwofesè Bibliyotèk Madison Park Vocational High School ak direktè te travay ansanm pou fasilite evalyasyon bibliyotèk la yo te itilize Illuminate. Genyen nèt enfòmasyon konsènan evalyasyon aprantisaj sou platfòm evalyasyon sou entènèt distri a. Genyen lòt opòtinite sou kesyon aprantisaj pwofesyonèl ki te prezante kote ekip bibliyotèk la te patisipe ak nan “Current Literature Book Discussions;” ak “Ramped Up Read Alouds” ke Konsiltan k la Maura O’Toole te fasilite. Padan ane 2021-22 a, ekip la pral etidye *Cultivating Genius* de Gholdy Muhammad BPSLSSP22-26 kreye anpil opòtinite aprantisaj pwofesyonèl pou Ekip Bibliyotèk yo ak odi divèsite, evalyasyon pèfòmans avèk Estanda AASL, devlope *Library Data Collection Toolkit*, Student Library Assistant Programming, yon Komite Konsiltan Bibliyotèk BPS Library epi fè mizajou nan [BPS Library Services Information Literacy Scope and Sequence](#).

Tout sa ki di anwo yo sipòte aprantisaj pwofesyonèl Direktè BPSLS la. Li te Ko-prezante avèk Amy Short, the Direktè Sèvis Medya Bibliyotèk Cambridge Public School la, pou 2015 American Association of School Libraries, pou bay plis aksè a bibliyotèk. Avèk Mandjè Sèvis Jèn, Farouqua Abuzeit, li te ko-prezante pou 2017 la Konferans American Library Association Annual Conference sou Urban Literacy Summits ak collective impact model. Direktè pral prezante avèk Direktè Mary Moen nan University of Rhode Island pou konferans AASL 2021 an sou Pwofesè Bibliyotèk sou entegrasyon rechèch sou aprantisaj avèk evalyasyon pèfòmans Pwofesè Bibliyotèk yo Direktè te ekri chapit li sa a “A Social Justice Advocacy Model: The

Informationally Underserved and Equitable Access to School Libraries.” (Froggatt, 2020) ki enkli nan *Social Justice and Cultural Competency: Essential Readings for School Librarians*.

Finalman, epi men pi enpòtan, direktè BPSLS la ak manb ekip bibliyotèk la ki te konsilte de fason kolaboratif ak otantik etid BPSLSSP22-26 la pou ko-kreye yon kontni plan yo. Ekip sa te eksplòre lòt plan estratejik pou sèvis bibliyotèk yo, pwotokòl planifikasyon MBLC yo, Plan Estratejik 2020-25 BPS la ak metodoloji sondaj yo. Yo te ko-fasilite atelye travay pou konsiltan BPSLSSP22-26 parèy yo yon fason pou kreye vizyon, misyon, teyori aksyon ki anlè yo ak Angajman Kle BPSLS sa a. Yo te itilize done sondaj yo yo analize siksè epi devlope plizyè domèn ki bezwen amelyorasyon. Pwofesè Bibliyotèk sa yo se lidè pwòp dwa yo.

Nou te selebre sibdivizyon plan sa avèk angajman sa yo apati de repons sondaj yo:

*Se yon elèv ki di sa lè yo mande l kisa li pi renmen:*

“Tout bagay, gade jan li fasil pou w jwenn liv, jan tout bagay òganize, jan bibliyotekè a toujou la pou ede nou chwazi liv epi pale avèk nou sou liv yo. Mwen ren selesyon ak divèsite liv nou genyen yo.”

*Se yon elèv ki di sa lè yo mande l kisa li t ap chanje:*

“Plis divèsite liv sitou liv rechèch ki pi apwopriye ak sa n ap etidye nan lekòl la.”

*Men sa yon paran di:*

“Bibliyotèk la bezwen yon chanjman— espas la, liv yo, elatriye. — epi li bezwen ti sal kote pou moun travay — tankou yon elèv k ap avèk yon espesyalis/titè. Li dwe yon espas kote timoun yo kapab pèdi nan fè lekti ak dekouvri diferan liv.”

*Men sa yon paran di:* Bibliyotèk yo bezwen lanmoun ak efò pou yo rete viral, avèk kèk bidjè pou yo. Mwen konnen yon bon bibliyotekè si ou bezwen plis èd, epi fanmi mwen travay nan echanj liv yo.”

*Se yon Edikatè ki di sa:*

“Mwen kontan anpil pou m travay nan yon lekòl ki genyen bibliyotèk ak yon bibliyotekè. Lekòl pitit mwen te ye avan pa t gen bibliyotèk epi se yon wont pou ke kèk elèv BPS pa genyen kantite konesans ke yon bibliyotekè genyen

*Men sa yon direktè di:*

“Anplis de yon chanjman nan estrikti ak materyè, yon bibliyotekè ki fè pati staf la ap asire l ke aprantisaj nou an sèvi pou konekte aprantisaj nan salklas ak patenarya nan tout lekòl la tankou BEES (Devlope Ekselan Edikatè Syans) ak SFL (sistèm redaksyon lenwistik fonksyonèl). Yon espas fleksib ap bon pou chanjman enklizyon konplè nou an.”

## Angajman Prensipal ak Objektif Fondamantal

**Agajman Prensipal Estratejik 1: Elimine tout lakin ak Vid ki anpeche reyisit:** Eskelan rezilta ak aksesibilite Rezilta Elèv yo

Objektif Fondamantal: #1 “Elèv k ap gradye nan BPS yo ap prè pou yo fè siksè nan inivèsite ak nan karyè pwofesyonèl yo” p. 24

Objektif	Mezirab	Travay/Livrezon	Dat Kòmansman/Lafen	OAG Aliyen Objektif yo
1.1 Fè sèten ke règleman yo, plan yo, ak bidjè BPS yo avanse règleman pou anpeche tout lakin ak vid ki anpeche reyisit ak lekòl nou yo resevwa finansman ki nòmal pou bay pwogram akademik ki robis ak sipò enosyonèl-sosyal, bay bay tout timoun sa yo bezwen.	<p>A. Sible ken z lekòl pou nou renouvle oswa kreye yon nouvo bibliyotèk avèk objektif pou chak elèv ka jwenn aksè ekitab ak pwogram bibliyotèk eskolè ki efikas.</p> <p>B. Rapòte kantite liv pa elèv ak kantite liv pa lekòl ki achte.</p> <p>C. Sible sis lekòl pou kreye yon bibliyotèk ki efikas pou yo nan itilize resous bibliyotèk piblik</p>	<p>A. Revize, modifye ak itilize Rapò Zouti Ekite Rasyal Sèvis Bibliyotèk la (Library Services Racial Equity Tool Report) kòm yon gid yon fason pou nou ka goumen pou tout elèv ka jwenn aksè ekitab a bonjan pwogram bibliyotèk ak bibliyotekè ki kalifye (sètifye)</p> <p>B. Kreye ak bati yon bidjè pa kantite elèv pou liv bibliyotèk lekòl CLSP yo, se manb pèsònèl bibliyotèk lekòl yo ki dwe jere resous entènèt ak materyèl yo.</p>	<p>A. Ane 1, 2, 3, 4, ak 5</p> <p>B. Ane 1 kreyasyon, ane 2-5 reyalizasyon.</p> <p>C. Ane 1, 2, ak 3</p>	<p>OBJEKTIF 2,1. Devlope yon vizyon klè, ki pataje pou konpetans kiltirèl avèk divès Estanda Kopetans Kiltirèl, epi pwomouvwa divès pratik ki kenbe ak afime kiltirèlman ak lengwistikman nan tout distri a.</p> <p>3.2 Bay devlopman pwofesyonèl alon-tèm ak fòmasyon pou pèsònèl nan tout nivo distri a epi elimine lakin, transfòmè ak amelyore kwayans ak pratik pedagojik yo, epi devlope</p>

	<p>yo.</p> <p>D. Revize bezwen resous entènèt, teknoloji ak bezwen devlopman pwofesyonèl yo chak ane</p> <p>E. Rapò anyèl sou kantite kou devlopman pwofesyonèl, seyans ak kantite moun ki te patisipe.</p> <p>F. Done Odi bibliyotekè ki kalifye (sètifye) yo.</p>	<p>C. Planifye e fasiliteyon Kolaborasyon Sèvis Bibliyotèk avèk BPL yon fason pou lekòl ki pa gen kapasite pou yo geyen yon bibliyotèk kapab gen aksè ak resous ak pedagoji aprantisaj ki baze sou rechèch.</p> <p>D. Planifye e fasilite yon bidjè pou Sèvis Bibliyotèk Biwo Santral ki reponn kòrèkteman bezwen resous entènèt, amelyorasyon teknoloji ak bezwen resous devlopman pwofesyonèl.</p> <p>E. Avèk sipò Sèvis Bibliyotèk BPS yo, plan bibliyotekè yo fasilite devlopman pwofesyonèl pou kominote lekòl yo chak lè yo bezwen.</p> <p>F. Avèk OHC,</p>	<p>D. Ane 1, 2, 3, 4, ak 5</p> <p>E. Ane 1, 2, 3, 4, ak 5</p> <p>D. Ane 1, 2, 3, 4, ak 5</p> <p>F.. Ane 1, 2</p>	<p>yon kilti de gran atant ak reyesit pou tout elèv.</p> <p>6.1 Demontre kijan elèv yo angaje nan elimine lakin ak vid ki anpeche reyesit, pandan ke n ap pwomote angajman elèv yo ak ajans yo nan yon aprantisaj aktif.</p>
--	---	---	--	--

		<p>Sèvis Bibliyotèk, nou pral revize zouti evalyasyon pèfòmans bibliyotèk a epi ofri devlopman pwofesyonèl pou lidè lekòl yo yon fason pou ke distri a ka jis nan evalyasyon pwogram bibliyotèk yo ak evalyasyon pwofesè bibliyotèk yo, k ap gen ladan konpetans DESE/MSLA ak konpetans CRIOP.</p> <p>G. Avèk OHC ak BTU, Sèvis Bibliyotèk nou pral etabli yon atant ekitab ak reponsablite travay nan bibliyotèk ke yon pwofesè ak yon parapwofesyonèl ap jere yo avèk konpansasyon.</p>		
	<p>G. Kolabore ansanm pou fè deskripsyon atant ak responsablite bibliyotèk ak parapwofesyonèl bibliyotèk yo yon fason pou nou ka fè mizajou nan Règleman sou Sèvis Bibliyotèk yo ak Mannyèl Pwosedè BPS la.</p>		G.. Ane 1 ak 2	
1.3 Ranfòse ak asosye avèk edikatè yo pou revize	A. Aplike Odi Divèsite nan 100% pwogram bibliyotèk yo disi	A. Kreye yon Odi Divèsite pou Bibliyotèk BPS ak PD pou	A. Ane 1 kreyasyon, Ane 2 ak 3 reyalizasyon	OBJEKTIF 4.2 Demontre kijan pwogram lan pa genyen

